**Мы махуэхэм ди къэралым и щIыналъэ псоми щокIуэкI ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэр. Налшык иджыблагъэ щызэхьэзэхуащ тхыдэм дихьэх ныбжьыщIэхэр. Ябгъэдэлъ щIэныгъэм и куугъыр, я зэфIэкIыр здынэсыр зыгъэунэхуну олимпиадэм къекIуэлIа ныбжьыщIэхэм яхуэзащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор.**

● Егъэджэныгъэ

# Тхыдэдж ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIхэр



МИНИСТРЫМ зригъэлъэгъуащ олимпиадэм хэт школакIуэ 40-м щIигъум лэжьыгъэхэр щагъэзэщIэну хухаха пэшхэм я щытыкIэр, ахэр Iуэхум зэрыхуэхьэзырыр. Зэпеуэм и жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэм ящIыгъуу Езауэ Анзор апхуэдэу зыщигъэгъуэзащ онлайн щытыкIэм иту олимпиадэм щекIуэкIхэм щыкIэлъыплъ пэшыр къызэрызэгъэпэщам.

«ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэр Iыхьэ зыбжанэу зэщхьэщыхауэ зэрекIуэкIым Iэмал къыдет щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэм ящыщу фIым я фIыжхэр къыхэдгъэбелджылыкIыну, - жиIащ министрым. - Мы гъэми, илъэс къэси хуэдэу, ди республикэм щыщ школакIуэхэм дащогугъ къэралпсо утыкум ди щIыналъэм и пщIэр щаIэтыну».

Зи гугъу тщIы урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ Iыхьэм мы гъэм хэтщ 9 - 11-нэ щIэс еджакIуэ 900-м щIигъу. Ди республикэм щекIуэкI зэпеуэхэр тещIыхьащ школакIуэхэм ядж предметхэм ящыщу 22-м. НыбжьыщIэ нэхъыбэ дыдэ зэкIуалIэхэм хохьэ математикэр (цIыху 83-рэ), физкультурэмрэ биологиемрэ (цIыху 82-рэ дэтхэнэми хуэзэу), ОБЖ-р (цIыху 81-рэ), экологиер (цIыху 74-рэ), литературэр (цIыху 65-рэ), правэр (цIыху 61-рэ). Къэралпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэхэр екIуэкIынущ мазаем и 22 пщIондэ.

Къыхэдгъэщынщи, олимпиадэхэр къызэрагъэпэщ, санитар-эпидемиологие мардэхэм изагъэу, жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэм щIэту.

Олимпиадэхэм я иужьрей Iыхьэм щытекIуэ ныбжьыщIэхэр, призёрхэр пашэ щыхъуа предметхэмкIэ ят хабзэ къызэраух къэрал къэпщытэныгъэхэм пхыкIынукъым, зрагъэгъуэта ехъулIэныгъэр я тегъэщIапIэу. Апхуэдэу а школакIуэхэр экзаменыншэу щIэтIысхьэфынущ олимпиадэр зэрекIуэкIа предметыр зи унэтIыныгъэ пашэ IэщIагъэхэм щыхуагъэхьэзыр еджапIэ нэхъыщхьэхэм.

ШколакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм хэт ныбжьыщIэхэм дохъуэхъу ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьэну, я текIуэныгъэхэм яфI куэд къекIыну.

**ТАМБИЙ Линэ.**

# Бэчмырзэ и гъащIэмрэ гуащIэмрэ дихьэхат

● Щэнхабзэ




**Аруан щIыналъэм хыхьэ Къэхъун къуажэ дэт курыт еджапIэ №2-м иджыблагъэ зэхыхьэ гуапэ къыщызэрагъэпэщащ адыгэ усыгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ПащIэ Бэчмырзэ къызэралъхурэ илъэси 169-рэ щрикъум ирихьэлIэу.**

КЪУАЖЭ Администрацэм и унафэщI Къандэхъу Леонидрэ курыт еджапIэм и унафэщI Джатокъуэ Риммэрэ жэрдэм ящIу кърахьэжьа Iуэху дахэм кърагъэблагъэри хэтащ ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зэрихьэу Нартан къуажэ дэт музейм и къызэгъэпэщакIуэ ПащIэ Ленэрэ абы ипхъу Хъанычэ Светэрэ.

Курыт еджапIэм и лэжьакIуэ, мы Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэ Къардэн Оксанэ зэIущIэр къызэIуихри, Бэчмырзэ и гъащIэ гъуэгуанэм кIэщIу тепсэлъыхьащ.

ШколакIуэхэр абы къыщеджащ Бэчмырзэ и IэдакъэщIэкIхэм щыщу езыхэм нэхъ ягу ирихьхэм. Гухэхъуэт Тхьэгъэлэдж Елдар, Сокъур Исмэхьил, Балъкъыз Астемыр, ХьэхъупащIэ Данэ сымэ псалъэ къэс зыхащIэу, гъэхуауэ къызэреджэм уедэIуэну.

Бэчмырзэ теухуауэ ПащIэ Ленэ ныбжьыщIэхэм яжриIэжа хъыбархэм ахэр гупсэхуу, яфIэгъэщIэгъуэну едаIуэрт. УсакIуэшхуэм и гъащIэмрэ гуащIэмрэ дихьэха цIыкIухэм упщIэ я куэдти, хьэщIэхэр иджыри куэдрэ ямыутIыпщу зэхэсащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

● ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэс

# ЛэжьакIуэ гуащIафIэт, цIыху фIэрафIэт

**ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я илъэсым уигу къэмыкIыжу къанэркъым дяпэ ита нэхъыжьыфIхэр, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм зи зэфIэкIрэ къарурэ езыхьэлIа IэщIагъэлI щыпкъэхэр. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ курыт школхэм щезыгъэджхэм ящыщ куэдым фIыуэ яцIыхуу, пщIэ хуащIу щытащ си тхыгъэр зытехуар. Ар егъэджакIуэхэм я егъэджакIуэжу, методист Iэзэу, цIыху хьэлэмэту, щыпкъэу, педагог IэкIуэлъакIуэу, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ нэсу дунейм тета КъуэщIысокъуэ Нурхьэлий Мусэ и къуэращ (1930 - 2008).**



IУЭХУГЪУЭ куэдкIэ гъэнщIа гъащIэ купщIафIэ къигъэщIащ КъуэщIысокъуэм. Ар Бахъсэн районым хыхьэ Къулъкъужын Ипщэ къуажэм 1930 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м къыщалъхуащ. Ар зыхалъхуари зыхапIыкIари адыгэ мэкъумэшыщIэ унагъуэфIщ. И ныбжьыр илъэс 13-м иту, Хэку зауэшхуэм и зэманым, я къуажэм лэжьэн щыщIидзащ, гугъуехь куэди игъэунэхуащ.

Я къуажэ курыт еджапIэр нэхъыфIхэм ящыщу къиуха нэужь, Нурхьэлий щIэтIысхьащ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыру Налшык дэта еджапIэ нэхъыщхьэм икIи ехъулIэныгъэ иIэу еджащ, фIыуэ илъагъу IэщIагъэр зригъэгъуэтащ. 1951 гъэм ар уващ «Къэбэрдей пэж» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым, иужькIэ Куба районым къыщыдэкIыу щыта «ГъащIэщIэ» район газетым и редактор нэхъыщхьэу ягъэуващ. КъуэщIысокъуэ Нурхьэлий езэши щхьэхи имыщIэу, Iуэхур Iэпэдэгъэлэл имыщIу и IэнатIэм пэрытащ.

1962 гъэм къыщыщIэдзауэ 2005 гъэм нэсыху ар лэжьащ ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кабинетым и унафэщIу икIи а IэнатIэм наIуэ щыхъуащ псом хуэмыдэу педагог лэжьыгъэм зэрыхуэIэзэр. КъуэщIысокъуэ Нурхьэлий куэд хищIыхьащ республикэм и школхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ зэрыщрагъэджыр егъэфIэкIуэным. Емызэшыжу зыбгъэдэт Iуэхум зэрелэжьам и фIыщIэкIэ абы хузэфIэкIащ КъБР-м и курыт школхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щегъэджыным ехьэлIа тхыгъэ хьэлэмэт куэд къыдигъэкIын. Абыхэм я лъабжьэт методикэ лэжьыгъэм къыдэкIуэу иригъэкIуэкIа щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэм къарикIуахэр. IэщIагъэлI IэкIуэлъакIуэм хузэфIэкIащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ зэраджын программэхэр гъэтэмэмын, оценкэ гъэувыкIэхэм я мардэхэр убзыхун, адыгэбзэмкIэ нэрылъагъу таблицэхэр, методикэ чэнджэщхэр зэрыт тхылъхэр къыдэгъэкIын, нэгъуэщIхэри.

Институтым щыщыIа зэманым Нурхьэлий сытым щыгъуи хущIэкъуащ и лэжьыгъэр нэхъыфIу къызеригъэпэщыну, ар щIэщыгъуэ ищIыну. ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэным, я зэхэщIыкIым нэхъри зегъэужьыным хуэгъэпса курсхэр къыщызеригъэпэщкIэ, ахэр нэхъ зыхуей-зыхуэныкъуэхэм IэкIуэлъакIуэу тепсэлъыхьыфын щIэныгъэлIхэр кърригъэблагъэрти, лекцэ къахуригъаджэрт. Апхуэдэу Нурхьэлий курсым къекIуалIэхэр щIыгъуу куэдрэ кIуэрт курыт школхэм, абыхэм анэдэлъхубзэр зэрыщрагъэджыр къиплщытэу, егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэхэм щыгъуазэ зыхуищIу. Методистхэм ящыщу апхуэдэу гугъу зезыгъэхьу щытар Нурхьэлий и закъуэщ. Абы къызэрилъытэмкIэ, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм IэмалыфIхэр къуитырт лэжьыгъэр зэрызэтеублам щIыпIэм, школым, дерс хэхам ущыкIэлъыплъыну. Дерс зэIухахэр зыт, классщIыб лэжьыгъэхэр а махуэм зыгъэлъагъуэ егъэджакIуэхэм лэжьыгъэр зэфIэкIа нэужь, чэнджэщ щхьэпэхэр иратырт, ныбжьыщIэхэри ягъэгушхуэрт, ябгъэдэлъ зэфIэкIхэм папщIэ псалъэ дахэ хужаIэурэ.

Къалащхьэм къикIа методист Iэзэм, цIэрыIуэм и псалъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэт, адыгэбзэмрэ литературэмрэ курыт школхэм щезыгъэджхэм я пщIэр къыщыIэтынымкIэ. Сэ си щхьэкIэ си нэгу щIэкIауэ щытащ апхуэдэ Iуэхугъуэ. Газетым сыIукIыжауэ, псэупIэ тхуэхъуа Къэхъун жылэм дэт курыт школым адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ щезгъэджу сыувагъащIэу, КъуэщIысокъуэм курсхэм сриджауэ щытащ. Куэд дэмыкIыу абы хъыбар сигъэщIащ си лэжьыгъэм кIэлъыплъыну школым къызэрыкIуэнумкIэ. Апхуэдэуи хъуащ: гъатхэпэ мазэм и махуэхэм ящыщ зым ди школым къеблэгъауэ щытащ КъуэщIысокъуэ Нурхьэлий зи пашэ гупышхуэ. ЕгъэджакIуэхэм нэмыщI абы хэтт методист, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Джаурджий Хьэтыкъуэ, Ержыб Аслъэн сымэ. Школым адыгэбзэр щезыгъэджхэм хъарзынэу зыхуэдгъэхьэзырат Iуэхум: бзэмкIи литературэмкIи дерс купщIафIэхэр едгъэкIуэкIат, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 50 щрикъу илъэсти, къэралым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхугъуэм теухуа классщIыб лэжьыгъэ хъарзыни хэту. ЖыпIэнурамэ, къэпщытакIуэ, кIэлъыплъакIуэ гупым гунэс ящыхъуат школым адыгэбзэр щезыгъэджхэу Жэмборэ Iэуес, Гъащтэ Анетэ, сэ утыку къитхьа лэжьыгъэр. 9-нэ разряд сиIэу IэнатIэм пэрыувагъащIэ сэ куэд дэмыкIыу 12-нэр къысхуагъэфэщауэ щытащ. Школ унафэщIым зэрыжиIамкIэ, абыкIэ жэрдэмыр къызыбгъэдэкIауэ щытар КъуэщIысокъуэ Нурхьэлийт. Нэхъ иужьыIуэкIэ КъуэщIысокъуэм къысхуигъэлъэгъуауэ щытащ институтым езым и къуэдзэу, и дэIэпыкъуэгъуу сишэну, арщхьэкIэ си IэнатIэр, сызыхэт гуп узыншэр сигу пыкIауэ щытакъым.

Гъэсэныгъэ тэмэмрэ хьэл-щэн дахэрэ зыхэлъа, зи лэжьыгъэм хьэлэлу бгъэдэта, хабзэ дахэрэ нэмыс лъагэрэ зыхэлъа цIыху псэ хьэлэлт КъуэщIысокъуэ Нурхьэлий. Ар и IэщIагъэм хуэIэкIуэлъакIуэт, и щIэныгъэм игъэгушхуэрт. ЛъэныкъуэкIуэдкIэ щапхъэ зытепх хъун цIыху щэджащэм зэхэщIыкI лъагэ иIэт, цIыху хэтыкIи ищIэрт. ЩIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ папщIэ фIыщIэ ин зэрыбгъэдэлъам, егъэджэныгъэ IэнатIэм зегъэужьыным лэжьыгъэшхуэ зэрыхищIыхьам папщIэ, КъуэщIысокъуэм хуэфащэу къыфIащащ «КъБАССР-м и школым щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр, РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ я ЩIыхь тхылъхэр кърататащ.

Нурхьэлий и гъащIэ купщIафIэм теухуа фэеплъ усэ гуапэ итхауэ щытащ къалащхьэм дэт курыт школ №31-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Къардэн Венерэ, «Адыгэпсэ» фIэщыгъэр иIэу. Мис абы щыщ сатырхэр:

Адыгагъэр, ныбжьэгъугъэр  
Псом нэхъапэу илъытащ,  
ЩIэблэм бзэр ягъэбзэрабзэу  
Яхъумэным щIэхъуэпсащ.  
Адыгэбзэм и жыг тхьэмпэ  
Пымыхуным хущIэкъуащ,  
Адыгэпсэ мыгъэкIуэду  
Псоми ди гум ар къинащ.  
Бэлэрыгъыу яхуимыдэу  
Бзэ хъумакIуэм яхэтащ,  
«КъуэщIысокъуэр» жригъэIэу  
Илъэс плIыщIым щIигъу лэжьащ.  
... Адыгэбзэр къэIэтыным  
Ар ерыщу бгъэдэтащ,  
Бзэм игъуэтыжа увыпIэр  
Тхъумэжыным хущIэкъуащ.  
ЕгъэджакIуэм и щхьэр лъагэу  
Иригъэлъагъун лъэкIащ,  
Адыгэбзэм ехьэлIауэ  
Тхыгъэ куэд къыдигъэкIащ.  
Гурэ псэкIэ, емызэшу  
И IэнатIэм бгъэдэтащ,  
И IэщIагъэм ирипагэу  
ЩIэныгъэшхуи бгъэдэлъащ.  
... Щхьэхуещагъри фэрыщIагъри  
Къызэралъхуу бий ищIащ,  
И гур къабзэу, жиIэр пэжу  
ГъащIэ дахэ къигъэщIащ.

Ди анэдэлъхубзэм, лъэпкъым, щалъхуа щIыналъэм лъагъуныгъэ къабзэ хуиIэу дунейм тетащ КъуэщIысокъуэр, республикэм и егъэджакIуэхэми цIыхубэми пщIэшхуэ хуащIу. ЗыцIыхуу щыта псоми, шэч хэлъкъым, Нурхьэлий дигу къинэнщ цIыху гъэсауэ, цIыху пэжу, гущабагъ зыхэлъ хэкупсэу. Ахърэтыр унапIэ хуэхъуауэ Тхьэм къыщIигъэкI.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# ЗэIузэпщ ящI

**2023 гъэм къриубыдэу Iуащхьэмахуэ лъапэ къыщызэIуахынущ километри 6-м щIигъу зи кIыхьагъ бгы лыжэ къэжыхьыпIэу 8. Гъуэгухэм я гугъуагъым елъытауэ, ахэр плъыфищу гуэшащ: щхъуантIэ, плъыжь, фIыцIэ. Абы къыдэкIуэу кIапсэ гъуэгуитIи щIэуэ яухуэнущ зым километритIым щIигъу, адрейм зы километр иримыкъу я кIыхьагъыу.**

МЫ ЗЭМАНЫМ зыгъэпсэхупIэ щIыпIэм кIапсэ гъуэгуу 3, бгы лыжэ къэжыхьыпIэу 6 щыIэщ. ИпэкIи фызэрыщыдгъэгъуэзащи, 2022 гъэм къриубыдэу ди республикэм цIыхуу зыщызыгъэпсэхуар 1 мелуаным щIегъу, 2025 гъэм нэсыху ар мелуани 2,5-м нагъэсыну я мурадщ. КъакIуэ туристхэм я бжыгъэм тетщIыхьмэ, ар къазэрехъулIэнум шэч хэлъкъым.

Европэм и къурш нэхъ лъагэ Iуащхьэмахуэ нэрылъагъуу дуней псом я гупэр къыхуагъазэ. Иджыпсту Iуэхугъуэ нэхъыщхьэу щытыр дунейпсо мардэхэм техуэу а щIыпIэр зыхуеину псомкIи къызэгъэпэщыныращ. Абы теухуауэ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэри зэфIагъэкIащ: автотранспорт 800-м я гъэувыпIэ яухуащ, бэзэрыр щызэхыхьэу щыта щIыпIэр зэIузэпщ ящIащ. Зы мардэм тету ящIа сату щIыпIэхэм туристхэм гъэщIэгъуэнрэ щIэщыгъуэрэ ящыхъун хьэпшып куэд щащэ: алэрыбгъу IэрыщIхэр, цы къабзэм къыхащIыкIа хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр, IэпщIэлъапщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэр.

ЩIыпIэр апхуэдэу игъэдэхащ нэгузыужь зэIущIэхэр щрагъэкIуэкIын папщIэ яухуа утми.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Дунейм щыхъыбархэр

## Сталинград хьэмэрэ Волгоград?

**Хэку зауэшхуэм и ветеран гупым къыхалъхьащ Волгоград къалэм япэм иIа тхыдэ фIэщыгъэр етыжын хуейуэ икIи Сталинград зауэр зэриухрэ илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу а Iуэхур зэфIэгъэкIыпхъэу.**

АПХУЭДЭ жэрдэмыр ветеранхэм ядиIыгъащ УФ-м и премьер-министру щыта, «Урысейм и офицерхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым и тхьэмадэ Степашин Сергей.

«Сэ си дежкIэ Сталинград къалэ-лIыхъужьыр тхыдэ къудейкъым, атIэ ар нобэрей гъащIэм и щIэдзапIэуи къызолъытэ, апхуэдэуи а къалэм къэрал псор си нэгу къыщIегъэувэф. Илъэс 80 ипэкIэ Сталинград деж щекIуэкIа зауэм текIуэныгъэр къыщыдмыхьамэ, хэт ищIэрэт ди щыIэкIэнур зыхуэдэнур. Шэч хэмылъыжу, хэт и дежкIи гурыIуэгъуэщ ди тхыдэм абы увыпIэшхуэ зэрыщиубыдыр», - щыжиIащ Степашиным «Волгоград хьэмэрэ Сталинград? Илъэс 80 дэкIа нэужь: тхыдэм и дерсхэмрэ нобэ абы и мыхьэнэмрэ» фIэщыгъэм щIэту къызэрагъэпэща зэIущIэм.

Степашиным и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, Волгоград щыпсэу куэдым зыщыщыр щыжаIэкIэ Сталинград къалэлIыхъужьым и цIэр нэхъыбэрэ кърaIуэ, апхуэдэ щIыкIэкIи абы и тхыдэ фэеплъыр яхъумэу. «Париж иIэщ Сталинград зауэм и утыку, ди къэралым Сталинград фIэщыгъэр зиIэ къалэ имыIэныр захуагъэкъым», - къыхигъэщащ абы.

## Щыуагъэшхуэу къелъытэ

**Болгарием Украинэм IэщэкIэ зыщIигъэкъуэныр захуагъэу къызэримылъытэр а къэралым и президент Радев Румен «Дарик» радиом и журналистым щепсалъэм къыхигъэщащ.**

«А IУЭХУ еплъыкIэм къытемыхуэ дэтхэнэми, зэныкъуэкъуныгъэм и тхыдэ лъабжьэр фIыуэ зригъэщIэным къищынэмыщIауэ, апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм къишэнкIэ хъуну шынагъуэ псори и нэгу къыщIигъэхьапхъэщ. Уегупсысмэ, ар зэман куэдкIэ пхуэмыгъэзэкIуэжын щыуагъэшхуэщ», - жиIащ абы.

Болгарием и Президентым къызэрилъытэмкIэ, Киев и унафэщIхэм зауэ IуэхукIэ защIэбгъэкъуэнри мафIэр бензинкIэ бгъэункIыфIынри зэхуэдэщ. «КъищынэмыщIауэ, зэныкъуэкъуныгъэр зым и текIуэныгъэкIэ, адрейм и зэхэкъутэныгъэкIэ иухын хуейуэ зэрагъэувым дуней псор зэпэщIигъэувэжынущ», - дыщIигъужащ Радевым и псалъэхэм.

**ЩIышылэм и 31, *гъубж***

♦**1837 гъэм** къалъхуащ тхыдэдж, филолог, журналист **КIашэ Адэлджэрий**.  
♦**1926 гъэм** къалъхуащ адыгей уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, композитор, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Сэмэгу Гуэщнагъуэ**.  
♦**1974 гъэм** къалъхуащ журналист **Ныбэжь Таисэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэс къыщесынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щIыIэр градус 1 - 0 щыхъунущ.

**Мазаем и 1, *бэрэжьей***

♦**1829 гъэм** Нэгумэ Шорэ Налшык къыщызэIуихащ сабий нэхъ акъылыфIэхэр щрагъэджэну школ.  
♦**1929 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Къардэн Лъостэнбий**.  
♦**1932 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Лъэпщокъуэ МутIалиб**.  
♦**1935 гъэм** къалъхуащ археолог, шапсыгъ лъахэдж, узэщIакIуэ **ТIэш Мадин**.  
♦**1936 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ **Куэшбей Пщымахуэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 5, жэщым щIыIэр градуси 2 - 1 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*  
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Налшык къалэм дэт курыт еджапIэ №33-м иджыблагъэ щIалэгъуалэм я зэIущIэ гъэщIэгъуэн къыщызэрагъэпэщащ. Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я «Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм лэжьэн иригъэжьащ, абы ич япэ лъэбакъуэхэм ещIэкIа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэри екIуэкIащ.**

# ЩIыналъэ зэгухьэныгъэхэми лэжьэн иригъажьэ

● Жылагъуэ




МАХУЭШХУЭР Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я гимнымкIэ къызэIуахащ. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Ахметов Артур, Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я «Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Шыпш Аслъэн, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэту Налшык къалэм дэт IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ я къуэдзэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, гъэсакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ, еджакIуэхэр, абыхэм я адэ-анэхэр.

ЗэIущIэм хэтхэм фIэхъусрэ псалъэ гуапэкIэ захуэзыгъэза Хъубий Марат и псалъэм къызэрыхэщамкIэ, щIыналъэм дежкIэ махуэщIым мыхьэнэшхуэ иIэщ, абы сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ яфI зыхэлъ Iуэхугъуэ куэд дихыну, абыхэм я псэкупсэ дунеймрэ зэхэщIыкIымрэ заригъэIэтыну зэрыщыгугъыр къэплъытэмэ.

- КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и цIэкIи, си цIэкIи нобэрей махуэщIымкIэ гуапэу сынывэхъуэхъуну сыхуейщ. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, мы зэIущIэр мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхуэсщ, ар тхыдэм фIыкIэ къызэрыхэнэжынуми шэч хэлъкъым. Фэрэ дэрэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я «Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэ» зыфIаща урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэр къызэIудох, абы и лэжьыгъэм ублапIэ идот. Мы зэщIэхъееныгъэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ ди къэралым щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэу итыр зы жьауэм щIигъэувэну, зы гупсысэмрэ псоми зэдай Iуэхугъуэхэмрэ зэуIуу тригъэлэжьэну. Дэ ди къэкIуэнум худиIэ гугъапIэ псори щIэблэращ зэпхар - ди къалэхэр ефIэкIуэнуми, ди жылагъуэхэм заужьынуми, ди къэралыр лъэщ хъунуми абыхэм елъытащ. Си фIэщ мэхъу щIыналъэ къудамэм и фIыгъэкIэ ди гуращэхэр къызэрыдэхъулIэнур, ди хъуэпсапIэ куэдым дазэрылъэIэсынур. Сыхуейт ди хэгъэгум къыщызэIутх щIыналъэ къудамэм жэрдэм узыншэхэр къыхилъхьэурэ щIалэгъуалэми жылэми я зыужьыныгъэм ехьэлIа лэжьыгъэшхуэхэр ирагъэкIуэкIыну, абыкIэ теубыдагъэ зиIэ, еши щхьэхи зимыIэ ныбжьыщIэхэр уэру зэришэлIэну. Гъуэгу махуэ, жызоIэ зэгухьэныгъэм, ехъулIэныгъэ къыхьыну, зиубгъуну, ефIэкIуэну си гуапэщ», - жиIащ Хъубий Марат.

- Пэжщ, мы махуэхэр махуэшхуэщ, тхыдэ мыхьэнэи иIэщ. Япэрауэ, щIыналъэ къудамэр япэу къыщызэрагъэпэщар ди къалэм и закъуэкъым. Ди къэралым и щIыналъэхэм япэу къыщызэIуаха къудамэхэм ар ящыщщ. Зэгухьэныгъэм и фIэщыгъэм хуэдэу, япэ дитщ абы и зэхэшэнымкIэ. Зы лъэныкъуэкIэ, къэралым и хэгъэгу зэмылIэужьыгъуэхэм мащIэ-мащIэурэ къыщызэIуахыну щIыналъэ къудамэ псоми дапеуэнущ, хьэрхуэр етщIэкIынущ къыхэтлъхьэну жэрдэмхэмрэ едгъэкIуэкIыну Iуэхугъуэ дахэхэмкIэ. Дыхуейщ ди щIалэгъуалэр зэрыжаныр, сыт хуэдэ Iуэхуми жыджэру зэрыхэтыр, дуней еплъыкIэ пэрыт зэраIэр дэни къыщащIэну. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъыхэплъэжмэ, хьэрхуэр зэтщIылIэ къудамэхэри, дэ тхуэдэу, къэрал зэщIэхъееныгъэм и жьауэм щIэтщ. Абы псоми къытхуигъэув къалэныр зыщ - щIалэгъуалэр зы щIыным тележьэнырщ, ахэр щыпсэу лъахэми, къэралми я щапхъэу къэгъэтэджынырщ. ЗэщIэхъееныгъэм и Iуэху фIы хъуну сыщогугъ икIи шэч къытесхьэркъым апхуэдэу зэрыщытынум - зэфIэкI ин зиIэ, утыкум укъизымынэн, зи IуэхущIафэхэмкIэ гугъапIэшхуэхэр зыхуозыгъэщI ныбжьыщIэхэр ди мащIэкъым, лэжьыгъэр ежьэмэ, ахэр нэхъыбэ зэрыхъунуми пцIы хэлъкъым, - жиIащ Езауэ Анзор.

- НэхъапэкIэ къэпсэлъахэм жаIахэр ядысIыгъкIэрэ, къыхэзгъэщынут, ди зэхуэсыр узэрыгушхуэ хъун Iуэхугъуэу зэрыщытыр, ар ди зэманым и нэпкъыжьэщ, жыпIэми ущыуэнукъым. Мыр Налшык къалэм и мызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэр псом дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхуэсщ. Сыт щыгъуи гугъущ ипэ уитыну, уи гупсысэрэ Iуэху еплъыкIэрэ псом япэ утыкум къипхьэну. Ар, гугъуми, пщIэ зыпылъщ. «Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм хохьэ къалэм дэт курыт еджапIэ №33-м къыщызэрагъэпэща щIыпIэ зэгухьэныгъэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыпсэум иримыгушхуэ зыри къытхэткъым, абы и пщэдейрей махуэхэм фIыкIэ хуэмыхъуапси щыIэу къыщIэкIынкъым. Дауэ а гуращэ дахэхэм дазэрылъэIэсынур? ЩIэблэр гъуэгу захуэ тедгъэувэкIэрэ фIэкIа ар къызэрыдэхъулIэн нэгъуэщI Iэмал щыIэу къэслъытэркъым. Дэ мы лъэхъэнэм иужь дитщ къэралым къыщыхалъхьэ сабий икIи ныбжьыщIэ пэхуэщIэхэм (проектхэм) ди щIалэгъуалэр хэтшэну, абыкIэ псоми Iэмал зэхуэдэ зэраIэным. ЖэрдэмщIакIуэхэм къыхалъхьэ гупсысэхэр щIэблэм гъащIэм хапщэ къудей мыхъуу, езыхэми гукъэкI ящIу, пэхуэщIэ гъэщIэгъуэнхэр утыку кърахьэу щытыну дыхуейщ. Аращ «Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэри, абы и щIыналъэ къудамэхэри зыхущIэкъунур. Дызытехьэ мазэм IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэмрэ щIэныгъэ гуэдзэ щрат еджапIэхэмрэ щIыпIэ зэгухьэныгъэ зыбжанэ къыщызэIутхыну ди гугъэщ. Лэжьыгъэр зэтеубла хъуа нэужь, курыт еджапIэ щитIым щIигъум апхуэдэ къудамэхэр къыщызэдгъэпэщынущ. Ущызэкъуэтым деж улъэщщ, ущылъэщым деж IуэхугъуэфI куэдым утогушхуэ, нэхъыбэж пщIэну уи гур пабгъэу мэхъу. Ди щIыналъэ щIалэгъуалэр зэрыдахэм ещхьу, сытри фIэхьэлэмэту, дуней псомкIэ нэхъуеиншэу щытщи, ди жэрдэмхэмкIэ зыщытщIыжа къалэнхэмрэ зыхуэдгъэувыжа мурадхэмрэ фIыуэ къахэхъуауэ зэрыдгъэзэщIэнур си фIэщ мэхъу, - Шыпш Аслъэн.

ЗэIущIэр щIэщыгъуэ ящIащ сурэтыщI ныбжьыщIэхэмрэ робототехникэмкIэ IэщIагъэлIхэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэм, ягъэдэхащ «МафIэ», «Басият» гупхэм я къафэхэм, къызэщIиIэтащ Къуныжь Лизэ, Бозий Жамилэ, Балъкъэр Санетэ, БатIитIэ Мелиссэ, Рябич Станислав я уэрэдхэм.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я «Япэ итхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм и фIэщыгъэр Мэзкуу 2022 гъэм дыгъэгъазэм и 18 - 20-хэм щекIуэкIа Урысейпсо щIалэгъуалэ зэхуэсым къыщащтауэ щытащ. Абы щыгъуи зэщIэхъееныгъэр зытелэжьэну унэтIыныгъэ 12-рэ лъапIэныгъэ 11-рэ яубзыхуат, абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, «ФIымрэ захуагъэмрэ», «Унагъуэ лъэщ», «Псэкупсэ гъэсэныгъэ», «ГъащIэмрэ цIыхум и пщIэмрэ» жыхуиIэхэр. Зэхуэсым хэтхэм нэхъыщхьэу къалъыта Iуэхугъэхэм ящыщщ «ЦIыхуу щытын», «Сыт щыгъуи зэкъуэтын», «ИпэкIэ кIуэн», «Япэ итын» жэрдэмхэр.

**ШУРДЫМ Динэ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Зылъэгъуа щыIэмэ, зэхэзыха умылъыхъуэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр хуощыгъуэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Беппаев МутIалип Азнор и къуэм** абы и къуэш **Беппаев Хъусей Азнор и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр хуощыгъуэ профессор **Эфендиев ФуIэд Салихь и къуэм** абы и анэ **Эфендиевэ Тамарэ Емельян и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.




# МэжджытыщIэ яухуэнущ



**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек илъэсым и кIэм лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзауэ щытащ КъБР-м и Муслъымэн дин IуэхущIапIэм и унафэщI Дзасэжь Хьэзрэталий**.

КъБР-м и Правительствэмрэ Дин IуэхущIапIэмрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр нэхъ егъэфIэкIуэнырт зэIущIэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэу щытар. ЩIалэгъуалэр гъуэгу захуэ тешэн, лъэпкъ хабзэхэр хъумэн, мылъкукIэ хуэмыщIахэм ядэIэпыкъун, цIыхухэр псэукIэ узыншэм тегъэгушхуэн, дин гъащIэр щIэпхъаджагъэм ирапхыну Iэмал ямыгъуэтын папщIэ, щIэныгъэм зегъэубгъун - апхуэдэ Iуэхухэрщ КIуэкIуэ Казбекрэ КъБР-м и муфтиймрэ зытепсэлъыхьахэр.

«Гу лъытапхъэщ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек, - мы зи гугъу тщIы лъэныкъуэхэр дин псоми къафIэIуэхуу зэрыщытым, фIэщхъуныгъэ зыбгъэдэлъ къудамэ псори а мурадхэм зэрытелажьэм. Дэ муслъымэн жэмыхьэтхэм фIыщIэшхуэ яхудощI ди цIыхубэм я зэхуаку зэхэтыкIэ узыншэ щыдухуэным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIым щхьэкIэ. Зэкъым, тIэукъым а Iуэхур ди Президент Путин Владимир къызэрыхигъэщар».

ЗэIущIэм кърихьэлIа IэщIагъэлIхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ тепсэлъыхьащ 2023 гъэм зи лъабжьэр ягъэтIылъыну зыхуамурад, Налшык и «КъуэкIыпIэ» щIыпIэм щаухуэну мэжджытым. ЗэIущIэм проект зыбжанэм щеплъащ. Ухуэныгъэм и теплъэр зыхуэдэнур мазитIым къриубыдэу эскизу ящIыну зэгурыIуахэщ. Мэжджытыр хуагъэзэнущ зи гугъу ящI микрорайоным и парк Iыхьэм, текIуэдэнур цIыхубэм зэхуахьэса мылъкущ.

# Нэмэз щыгъэрщ фи Iэщэр

**Кавказым щыщ цIыхум зэхимыхауэ къэнэн хуейкъым шэшэн ущиякIуэшхуэ Кишиев Кунтэ-Хьэжы и цIэр. Диным и куупIэу къалъытэ суфий лъагъуэм и къадирий къудамэм и гъуазэу щытащ а лIы махуэр. 1864 гъэм щIышылэм и 3-м урыс пащтыхь хабзэхъумэхэм Кунтэ-Хьэжы и Хэкум ирашри, Новгород губернием ягъэIэпхъуауэ щытащ, щылIэжари аращ.**

2012 гъэм ингуш тхакIуэ, профессор, депутат Албогачиев Руслан итха «Кишиев Кунтэ-Хьэжы - щихъ, Iустаз, уэлий» тхылъым адыгэхэм ятеухуа Iыхьэ хэту къыщIэкIащ.

Албогачиевым игу къегъэкIыж: Кунтэ-Хьэжы теухуа си тхылъым и еплIанэ къыдэкIыгъуэм селэжьрэ пэт, дэфтэр къызэрымыкIуэ дыдэ къыспэщIэхуащ зэчырым и Iуэхур щIыпIэ куэдым зэрынэсам теухуауэ. Псалъэм папщIэ, Къэбэрдейм и Налшык округым хыхьэ Борыкъуей къуажэм. Тхыгъэр гъэкIэщIауэ къызохь:

«Зи щIыхьыр ин Тэрч областым и унафэщIым хуэгъэза лъэIу тхылъ. Къэбэрдей адыгэхэм я деж иужьрей зэманым «зэчыр» жыхуаIэ дин дауэдапщэм зыщиубгъуащ. Ар зэрекIуэкI щIыкIэр мыпхуэдэущ: муслъымэнхэр зэхуосри, бжэр гъэбыдауэ е щIыбым дэту, хуабжьу диным теухуа уэрэдхэр жаIэ. Ахэр къыщрашкIэ удын зытрадзэжу е тхьэ хуэпщылIыным хуумыгъэфащэ мыхъумыщIагъэ гуэр къагъэхъууи щыткъым. А хабзэр иджыри ислъам диныр къыщыунэхум щыгъуэ къежьауэ жаIэ. Кавказ Ищхъэрэм ар къэзыхьар пщIэшхуэ зиIэ дин ущиякIуэ Кунтэ-Хьэжыщ».

ЛъэIу тхылъыр къызыбгъэдэкI Анзорхэ я къуэр пащтыхь къулыкъущIэхэм елъэIуу аращ Кунтэ-Хьэжы иужь иувахэм я гум Iей зэримылъыр я фIэщ ящIу, къэрал хабзэкIэ хамыгъэзыхьыну, хуиту зэчыр жрагъэIэну.

«Зы унагъуэ хуэдэу зызыбжыж Кунтэ-Хьэжы иужь иува дэ гупым гъуэгу захуэм дытемыкIыну тхьэ тIуащи, ди жагъуэ ящIкIи зыми къыдищIар етщIэжынукъым, ем екIэ дыпэщIэмыувэжыныр псэукIэ хабзэу къыхэтхащ. Дэ бын Iэсэм хуэдэу Алыхьталэми тетыгъуэми жыIэдаIуэу я жьауэ дыщIэуващи, дынывольэIу Кунтэ-Хьэжы уэсят къытхуищIа зэчыр мамырхэр хуиту жыдвгъэIэну.

Зытхар Налшык округым хыхьэ Борыкъуей къуажэм щыщ Анзорхэ ХьэтIохъущыкъуэ-хьэжыщ».

Кунтэ-Хьэжы псалъэ дахэ куэд къызэринэкIащ, я нэхъыбэр IуэрыIуатэ хъужарэ цIыхухэм псалъэжьу къащыхъуу.

* * *

Алыхьталэр фIыуэ флъагъуну фыхуеймэ, захуагъэр фIыуэ флъагъу. Фи щхьэ фызэрыхуэхъуапсэмкIэ фи къуэшми фыхуэхъуапсэ. Адрейхэм нэхърэ нэхъ бей, нэхъ цIэрыIуэ, нэхъ лъэрызехьэ зыфщIыну фыхэмыт. ФиIэ псомкIи тхьэмыщкIэхэм фадэгуашэ. МылъкукIэ зыгуэр зэвгъэфыгъуэным фыхуэсакъ. Евгъэхъуапсэ фи щIэныгъэм, захуагъэм, хьэлэлагъым. Алыхьым фелъэIу нэгъуэщIым и пщIэнтIэпскIэ къилэжьа зы хьэдзэ къыфкIэрымыпщIэнымкIэ. Абы кIуапIэ къыуитынукъым.

* * *

Фэ фи Iэщэр - нэмэз щыгъэрщ, фочкъым икIи къамэкъым. А Iэщэм тепщэм я нэхъ залымри хуэкъарууншэщ, Алыхьталэм нэхърэ зыри нэхъ лъэщкъым. УзытемыкIуэну бийм зебгъэукIыныр уи IэкIэ зыбукIыжыным ещхьщ, ар гуэныхьышхуэщ. Апхуэдэ лIэныгъэр къыхэзыхым Алыхьталэм и къарумрэ и гущIэгъумрэ дзыхь яхуимыщIу аращ, тепщэ залымхэр къыщIигъэщIыр цIыху зэхэтыкIэр игъэкъэбзэн папщIэщ.

* * *

Бзаджэм цIыхуфIагъырэ лъагъуныгъэкIэ текIуэ. Быдэм - хьэлэлагъкIэ. Джаурым - уи фIэщхъуныгъэмкIэ. ГущIэгъу пхэлъу, нэмысыфIэу, уи щхьэ уебэкъуэн хьэзыру щыт. Алыхьталэм зептарэ уи псэм ислъам диныр и гъуазэмэ, куэдым щхьэкIэ жэуап уохь.

* * *

Къемэт махуэр къэсрэ псори Алыхьталэм и пащхьэм ирагъэувэмэ, ЛIыкIуэ лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар къытщхьэщыжынкIэ хъунущи, псоми абы и Iумэтым щыщ хуэдэу жаIэнущ. Пэжыр зэхагъэкIын щхьэкIэ, дэтхэнэ зыми и бэзэгум еплъынурэ, бзэгур хужьмэ - жиIэр я фIэщ хъунущ, мыхужьмэ - пцIыуэ къалъытэнущ. Сыту жыпIэмэ, щэлэуат къэзыбжым и бзэгур уэсым нэхърэ нэхъ хужь мэхъу.

* * *

Дэ ди хабзэхэмрэ ди лъэпкъ хьэлхэмрэ илъэс мин бжыгъэкIэ зэфIэуващ. Аращ ахэр апхуэдизу ислъам диным пэгъунэгъуу къыщIыщIэкIари. Ахэр тхъумэн хуейщ, зыми ягъэпуду яхуэддэ хъунукъым.

* * *

ХьэщIэ къакIуэмэ, вгъэлъапIэ. ХьэщIэр жьантIэм дэсыху, мелыIычхэри жьантIэм дэсщ. Ар жьантIэм къыдэпшмэ, и пщIэр мэкIуэдри, мелыIычхэр фи унэм щIокIыж. МелыIыч къабзэхэр фхъумэ. ХьэщIэм хуэфащэ пщIэри фымыгъэкIуэд.

* * *

Унэхэр нэхъ лъагэу щыдращIей, пщIантIэхэм нэхъ хуиту зыщрагъэубгъу, сабийхэр адэ-анэм щыщIэкIиеж, цIыхубзхэр ялIхэм емыдаIуэу сондэджэракIуэ щежьэ, хьэлимхэр бажэ плъыжьым ещхьу щыбзаджэ, унафэщIхэр дыгъужьым ещхьу щыгущIэгъуншэ, духьэшыхэм шыд лIаимэ къащыкIэрих зэманыр къэсмэ, къелынур тIэрикъатым тетращ.

# Рэджэбым дыхэтщ

**Мазэ лъапIищым япэ ит рэджэбыр къихьакIэщ. Ди щIыбагъкIэ къэнащ абы и япэ мэремым ягъэлъапIэ РэгъаIиб жэщри. «Сыт рэджэбым адрей мазэхэм емыщхьу пщIэр?» - а упщIэмкIэ зызыхуэдгъэза ди шыпхъухэм я жэуапым федгъэдэIуэнщ:**

**Светланэ**, *Санкт-Петербург:* Сэ рэджэбым нэхъ лейуэ хэсщIыхьыр а махуэ пщIырыпщIкIэ къэдбж зикрхэращ. Япэ махуипщIым: «Субхьанэллахьил хьэйил къэйум» 100-рэ къыбобж. ЕтIуанэ махуипщIым: «Субхьанэллахьил Iэхьэди щэмэд». Ещанэ махуипщIым: «Субхьанэллахьил гъэфуури ррэхьиим». Псори зэхэту 3000-рэ жыпIауэ мэхъу мазэм и кIуэцIкIэ. Мы гъэм япэ дыдэ РэгъаIиб жэщым, япэ мэрем пщыхьэщхьэм и ахъшэмымрэ жасымрэ я зэхуакум ящI хабзэ, тIысыгъуэ 12 хъу нэмэзыр сщIащ. Адрей псори махуэ къэс тщIэ хабзэхэращ: нэмэзхэр - и чэзум, пщэдджыжь-пщыхьэщхьэ зикрхэр, КъурIэныр.

**Iэсият**, *Дыгулыбгъуей:* Рэджэбыр щIышылэм и 23-м къызэрихьэр згъэхъуурэ къэсащ Алыхьым и фIыщIэкIэ. Зы илъэси къэзгъанэркъым мазэ лъапIищым гулъытэ лей яхуэзмыщIу. Рэджэбым деж щыщIызодзэри, КъурIэным нэхъыбэу седжэу сыщытщ, сыхонэщIыхь. Рэджэбым и япэ мэрем жэщри, IсраIмихьрадж жэщри хэтщ а мазэм. «Девгъауи, ныжэбэ тIэкIу дызэхэвгъэсыт» жытIэу, цIыху зыхыбл хуэдиз дыдэсщ ди хьэблэми, зикр тщIыуэ, псапэ нэмэзхэр дгъэбагъуэу дызэхэсщ. Рэджэбым махуипщI къэс зикр щхьэхуэ иIэщ, ари хабзэ зыхуэтщIыжауэ жыдоIэ.

Иджы щыIэ сабийхэм «ахэр фэ къэвгупсысащ, апхуэдэ хэткъым, арат-морат» жаIэ щхьэкIэ, диным илъэс куэдкIэ хуеджа ди Iимамхэм я зым (и цIэр жеIэ) сеупщIат сэ. «Зыми уемыдаIуэ! Абы фIыгъуэу хэлъыр къызыгурымыIуэм зыри къыгурыIуэнукъым. Жэщ ирехъу, махуэ ирехъу, уи тхьэкIумэ фIыуэ къицырхъар къэгъэщхьэпэ, Алыхьым хуэпщылI, абы Iей къыхэкIмэ, си Iуэхущ», - къызжиIащ. Ди ужь ит щIалэгъуалэм дин къабзэр ябгъэдэтлъхьэфыну Алыхьым солъэIу.

**Iэминат**, *Бахъсэн:* Рэджэбыр къулъхуолэм и мазэщ. Мы мазэм къулъхуолэ мин 70 бгъэжэну псапэшхуэщ. Махуэ къэс мини 2-м щIигъу хуэзэу аращ, гъэзэщIэгъуейкъым ар. УмыгъажэкIэ гуэныхь къыпхуатхынукъым, пхуэгъэзащIэмэ, псапэ хъуну аращ.

Михьрадж жэщыр, рэджэбым и 27-р Мухьэммэд Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар хьэршым щыдрахьеяращи, жэщ нэмэзым и ужькIэ псапэ нэмэзу тIысыгъуэ 12 пщIы хъунущ, тIысыгъуитI къэс сэлам птыжу.

Рэджэбым и пэм, и кум, и кIэм унэщIыну псапэшхуэ пылъщ. Иджыпсту псори ягъэкIуэдыжыну, япэм щыIахэм жаIахэр пцIыуэ, иджы ящIэхэр пэжу жаIэ щхьэкIэ, щыIар щыIэщ, Алыхьым жиIэмэ. Диныр нобэ къэунэхуауэ пщэдей кIуэдыжыну аракъым, дунейр щытыхукIэ щыIэнущи, Алыхьым дэтхэнэ зыри ар зыгъэпэжыфын дищI.

# Истихъарэ

**Муслъымэн хабзэхэм язщ IуэхущIэ къыппэщылъмэ, абыкIэ дзыхь зыхуэпщI цIыхухэм уечэнджэщыныр. Абы нэхърэ нэхъ лъапIэжщ а Iуэхур Алыхьталэм хуэбгъэтIылъыныр. Аращ «Истихъарэ» цIэр зыгъуэта нэмэзымрэ духьэмрэ я купщIэ нэхъыщхьэр. Псом хуэмыдэжу абы и уасэм хохъуэ гуитIщхьитI узыщI Iуэху зыхэдэгъуейм и пащхьэ укъихутэмэ.**

ТIЫСЫГЪУИТI нэужьым («Кафирун» сурэр зыщIэм ар япэ тIысыгъуэм и Iэлъхьэмым трелъхьэ, етIуанэм - «Къулъхуур») мы и лъабжьэкIэ къэтхь духьэр къыбобжри, узыхуейр жыбоIэ. Абы и ужькIэ е пщIыхьэпIэм нэхъыфIым утрегъэгушхуэ, е уэр-уэру уи акъылымрэ уи гумрэ лъэныкъуитIым я зыр нэхъ фIэкъабылу мэхъу. Зэман хэубыдыкIа иIэкъым нэмэзым, уеблэмэ ар ущыгузавэм деж духьэ къудейуи къыубж мэхъу. Ауэ жасы нэужьым, шхэнми, псэлъэнми, тегупсысыкIынми цIыхур нэхъ щыпэIэщIэм деж, къыпэкIуэ жэуапыр нэхъ IупщIу къалъытэ. Зыхуэсакъыпхъэхэм ящыщщ къыхэпхынур къыхэпхауэ, ерыщу лъэныкъуэ гуэрым ухуеIэу, абы и ужькIэ «истихъарэ сщIащ» жыпIэу уи щхьэзыфIэфIагъым и гъэру укъэнэныр. Сыт щыгъуи зэхэгъэкIыпIэу щыIэр гум и къабзагъырщ.

Аллахьуммэ! Iинни Iэстэхъиирукэ бигьилмикэ, уэ Iэстэкъдирукэ би къудрэтикэ, уэ IэсIэлукэ мин фэдликэл гьэзиим. Фэ иннэкэ тэкъдиру уэ ла Iэкъдир, уэ тэгьлэму уэ ла Iэгьлэм, уэ Iэнтэ гьэлламул гъууйуб.

Аллахьуммэ! Iин кунтэ тэгьлэму Iэннэ хьазэл Iэмрэ (ущIэгузавэ Iуэхур жыIэ) хъейрун ли фи дини уэ мэгьаши уэ гьакъибэти Iэмри, фэкъдурхьу ли уэ яссирхьу ли суммэ барик ли фиих.

Уэ ин кунтэ тэгьлэму Iэннэ хьазэл Iэмрэ (ущIэгузавэ Iуэхур жыIэ) шэррун ли фи диини уэ мэгьаши уэ гьакъибэти Iэмри, фэщрифхьу гьэнни уэ щрифни гьэнхьу уэкъдур лиял хъэйрэ, хьэйсу канэ, суммэ рэдинии бихь.

Алыхьу си Тхьэ! Шэч зыхэмылъыжращи, Уи щIэныгъэм и фIыгъуэмрэ Уи къарум и лъэкIыныгъэмкIэ си Iуэхур фIым хуэпшэн лъэIукIэ зыпхузогъазэ, Уэ къыббгъэдэкI ехъулIэныгъэ мыухыжми сыщIолъэIу! Шэч хэмылъу, Уэ ПлъокI, сэ лъэкIыныгъэ сиIэкъым, Уэ УощIэ, сэ сщIэркъым икIи Уэ щэхум ущыгъуазэщ. Алыхьу си Тхьэ! Мы Iуэхур си динымкIэ, си гъащIэмкIэ, си Iуэхур зыхуэкIуэжынумкIэ (зи гугъу ищIыр Къемэт махуэрщ) фIыуэ къэплъытэмэ, ар къызэгъэхъулIэ, псынщIэ сщыщI, и фIи къызэгъэкI. Мы Iуэхур си динымкIи, си гъащIэмкIи, си Iуэхур зыхуэкIуэжынумкIи Iеймэ, ар спэIэщIэ щIы, сэри абы пэIэщIэ сыщI, дауэрэ хъуми, нэхъыфIым сыхуэши, абыкIэ сигу гъэзагъэ.

# Муслъымэныгъэмрэ урыс тхакIуэшхуэмрэ

**«Ислъамым и нурым» и къыдэкIыгъуэхэм я зым тетащ Толстой Лев и IэдакъэщIэкIыу «КъурIэным имыхуауэ Мухьэмэд лIыкIуэ лъапIэм и жыIэгъуэхэр». Урыс тхакIуэм и лэжьыгъэм муслъымэнхэр зэрыбгъэдыхьапхъэм топсэлъыхь Iустаз Гуэщокъуэ Абдул-Бакъий.**

ТОЛСТОЙ Лев илъэгъуат икIи еджат Индейм щыщ щIэныгъэлI Iэс-сухрэ-уэрдий Абдулыхь игъэхьэзыра хьэдис тхылъу «Мухьэмэд щхьэмахуэм и жыIэгъуэхэр» зыфIищам. А тхылъым къыхищыпыкIыу зэригъэуIуа тхылъжьейщ «КъурIэным имыхуауэ Мухьэмэд лIыкIуэ лъапIэм и жыIэгъуэхэр». Зи гугъу тщIы тхылъыр «Посредник» тхылъ тедзапIэм 1909 гъэм къыщыдэкIауэ щытащ.

Толстой Лев и IэдакъэщIэкI мы тхыгъэхэм ущеджэкIэ гу лъызытэм лъитэу, лъызымытэми лъитэн хуейуэ щыт Iуэхугъуэхэм щыщу къытхуэлъагъухэр къыхэдгъэщмэ, тхыгъэм еджэныр нэхъ сэбэп хъунущ.

Псом япэрауэ, тхакIуэ цIэрыIуэм итхыжхэр къызэрежьам темыщIыхьауэ, къыздрихар мынаIуэу, зэхихауэ, е языныкъуэхэр зэдзэкIыгъэу къыпэщIэхуэу езым и жыIэкIэкIэ итхыжауэ щытынкIэ мэхъу. Апхуэдэу щыхъукIэ, мы псалъэхэм «хьэдис» (бегъымбар жыIэгъэ) фIэпщыну игъуэрэ игъуэджэрэ чэнджэщу къоув. Абы хуэфащэуи, сакъыу бгъэдыхьэн хуейщ.

ЕтIуанэрауэ, КъурIэныр бегъымбар псалъэу къызыхэщ къегъэжьэкIэри узэхужын хуейм щыщщ, щымыгъуазэр имыгъэхутыкъуэн щхьэкIэ. ЗэрыфщIэщ, зэрыщытыххэщи, КъурIэныр Алыхь псалъэу аращ. Абы бегъымбар жыIэгъуэ хэткъым. Ар тхакIуэм имыщIэу щытами, е ищIэрэ пэт, къагъэувхэм я захуэн-пэжын и лъэныкъуэкIэ, КъурIэнымрэ бегъымбар жыIэгъуэхэмрэ зэрамыгъэхьIауэ зэрыщытым трищIыхьами, тщIэркъым. Сыту жыпIэмэ, а зэманым ислъамым удихьэхыу, абы урителъхьэу зэкъэбгъэлъэгъуэнри тынш цIыкIуу щытагъэнукъым.

Мы тхыгъэхэр къыздрихар, мыбыхэм лъабжьэрэ къэщтапIэрэ яхуищIыр жыпIэмэ, ари наIуэкъым. Ауэ наIуэщ мыхэр Тхьэм и лIыкIуэм и псалъэхэм ящыщу зэрыщытыр, къыхуэт гуэр зиIэр, зэхъуэкIыныгъэ тIэкIу зэхэзэрыхьар нэхъыбэ пэтми.

АдэкIэ, а хъыбарегъащIэ лъапIэм и цIэ къипIуэху къэс, ар дэ тхуэдэ къуажэдэс къудейуэ зэрыщымытыр къэзыгъэлъагъуэ щIыхь псалъэ дыщIыбгъуныр ислъам дин гъэсэныгъэу зэрыщытым и мызакъуэу, цIыху акъыл узыншэм, нэхъри цIыху акъыл хэIэтыкIам гу зылъитапхъэ къалэну щытын хуейщ. Толстой хуэдэ цIыху къызэрымыкIуэм а цIэр къриIуэху къэс «Тхьэ лIыкIуэр» жиIэу щIыгъуамэ, езыми нэхъ хуэфащэт, ягъэ кIынтэкъым, Тхьэм жиIэмэ. Ар абы и цIэкIэ дэ щIыдгъужащи, хуит дыкъищIауэ добж.

Сытми, тхакIуэм КъурIэнымрэ хьэдисымрэ зэрыхимыгъэщхьэхукIамкIэ къедгъажьэщ, абы дытопсэлъыхь жытIэри, щIызыхимыгъэщхьэхукIа щхьэусыгъуэми дыхэIэбащ. Апхуэдэу щыхъуакIэ, мы зыри жытIэжынщ. Толстойм мы тхыгъэр литэратурэ Iуэхугъуэ зэфэзэщу, е Iущыгъэ, философие хьэтыру ара щIитхар? Хьэмэрэ езым пэжу Iущыгъэу къилъытэу, а псалъэхэр зэрыпэжым папщIэ, цIыхуми ахэр ялъэIэсмэ щхьэпэу къибжауэ ара? Хьэмэрэ мы итхыжахэр зи псалъэр Тхьэ лIыкIуэу, Бегъымбару зэрыщытыр и фIэщ хъууэ, абы и Iумэтым тщыщу зилъытэу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, муслъымэну щытауэ, зэрылъэкIым хуэдизкIэ наIуэ зыкъищIауэ ара? Хэт ахэр иджы зэхэзыгъэкIыжыфынур? Елэжьын, къэтIэщIын хуей Iуэхугъуэщ, къигъэгугъэм и дежкIэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **ЧАРИМ Марианнэщ**.



# Псалъэм я нэхъ пэжыр

**Псалъэм я нэхъ пэжыр Алахьу Тэгьалэм и псалъэращ, къытхуригъэха КъурIэн лъапIэращ. КъурIэным нэхърэ зи пщIэр нэхъ лъагэ тхылъ мы дунейм теткъым. Уеблэмэ ар адрей тхылъхэм ебгъапщэ хъуххэнукъым.**

ДАУЭ зэрызэбгъэпщэнур Алахьу Тэгьалэм и псалъэмрэ Абы къигъэщIахэм я псалъэмрэ. КъурIэныр нурщ, нэхущ. Нэхум ухэту уегъэпсэу. КъурIэныр зыIэщIэлъым, абы къыщыкIуэми хуэпэжым и нэгум нурыр кърех, сыту жыпIэмэ, и гум нур илъщи. КъурIэн лъапIэм зи щIыб хуэзыгъазэм нурым и щIыб хуигъазэу, кIыфIыгъэмкIэ зигъэзауэ аращ, абы и гур кIыфIщ, и нэгури кIыфIщ, кIыфIыгъэм хэтри нэфым хуэдэщ. ЖеIэ Алыхьышхуэм: «Сэ си зикрым, си КъурIэным зи щIыб хуэзыгъазэм и гъащIэр дэгъэзеигъуэу, гугъуу щытынущ. Ар Къемэт махуэми нэфу, и нэр къэмыплъэу къэдгъэтэджыжынущ. «Уэ си Тхьэ, сэ си нэр къаплъэу сыщытащ, нобэ щхьэ нэфу сыкъэбгъэщIыжа» щыжиIэкIэ, «Дэ ди КъурIэныр, ди Iэятхэр ныщыпхуэдгъэкIуам, ахэр пщыгъупщащи, нобэ уэри уащогъупщэ» къыжриIэнущ.

КъурIэнымкIэ Алыхьталэм муслъымэн Iумэтыр къигъэлъэпIащ. Адрей Iумэтхэм абыкIэ ефIэкIыу ищIащ. Абы итым диузэщIыну, абы къыщыкIуэм гъуэгу захуэр дигъэлъагъуну, абыкIэ ди гъащIэм псэщIэ къыхилъхьэжыну, абы итыр псоми хабзэ тхуэхъуну кърилъэхащ КъурIэн лъапIэр ДыкъэзыгъэщIам. КъурIэныр апхуэдизкIэ лъапIэщи, дызэреджэ къудеймкIэ, абы къыщыкIуэ хьэрфхэр, псалъэхэр ди жьэм къызэрыжьэдэкI къудеймкIэ псапэ къыдохь. ЛIыкIуэ лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам жиIауэ, Тхьэр арэзы зыхуэхъун Ибн Мэсхьуд къеIуэтэж: «Алахьу Тэгьалэм и тхылъым щыщу зы хьэрф къеджам зы псапэ иIэщ, зы псапэри хуэдипщIкIэ пхуагъэбагъуэ».

Нобэ дунеягъэкIэ къыбдэувын, къыбдэпсэлъэн, къыпщхьэщыжын зы Iуэху гуэрхэмкIэ бгъуэтынкIи хъунущ, ауэ Къемэт махуэм апхуэдэ зыри щыIэжынукъым. Алахьу Тэгьалэм хуит имыщIауэ, абдежым зыми псалъэ щиIэнукъым. Абдежым хуит ящIу псалъэ зратынухэм ящыщынущ езы КъурIэн лъапIэр. Тхьэр арэзы зыхуэхъун Iэбу Iумамэ, Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и псалъэу мыхэр къеIуэтэж: «КъурIэным нэхъыбэрэ феджэ. Ар зыIэщIэлъахэм Къемэт махуэм шэфэхьэту къахуэкIуэжынущ». Езы Алахьу Тэгьалэми дыкъыхуреджэ и тхылъыр дымыгъэтIылъыну. ИкIи къытхуеIуатэ КъурIэн еджэныр цIыхуфIхэм, цIыху пэжхэм я хьэлу зэрыщытыр: «Алыхьым и тхылъым еджэхэр, нэмэз зыщIхэр, мылъку еттахэм щэхууи нахуэуи зыгуэр хэзытыкIхэр - ахэр химылъэфэну сатум щогугъу».

Нобэ нэхъ къыхэдгъэщыну дызыхуейращи, КъурIэн еджэным гулъытэ нэхъыбэ хуэтщIын хуейщ. Емыджэфым еджэкIэ зригъэщIэн, еджэфым нэхъыбэрэ Алыхьым и псалъэр къиштэн хуейщ. Пэжым дыхуеймэ, мыр Iуэху джэгукъым. КъурIэн еджэкIэ умыщIэмэ, уи нэмэзри мыхъуххэнкIэ хъунущ. Уи нэмэзыр мыхъумэ, япэ дыдэ жэуап зэрыпхьыжыну Iуэхугъуэм зыкIи ухуэмыхьэзыру Алыхьталэм и пащхьэ уихьэжыну аращ.

МыдэкIэ КъурIэн еджэкIэ зэзыгъэщIахэми Алахьу Тэгьалэр къазэрыхуэупсар къагурыIуэжу, фIыщIэ ящIын хуейщ. ФIыщIэ щIыкIэми щыщщ КъурIэныр яIэщIэмыкIыу яIэщIэлъыныр. ЕджэкIэ зыщIэм зы махуэ закъуи щIыблигъэкIын щыIэкъым КъурIэныр къызэIуимыхауэ, абы щыщ гуэр емыджауэ. КъурIэн еджэныр ди гъащIэм, ди псэукIэм, ди хабзэм щыщ Iыхьэ хъун хуейщ. Унэм дыщIэсми, гъуэгум дытетми, зыщIыпIэ деж детIысэхауэ дыщысми, япэу дигу къэкIын хуейр КъурIэн лъапIэращ. Алахьу Тэгьалэм насып тхуищI КъурIэн лъапIэр ди напIэм телъу дыпсэуныр, абы еджэныр хабзэ тхуэхъуныр, абы къыщыкIуа унафэр ди гъащIэм щыщ Iыхьэ тщIыныр.

**ЩХЬЭНЫКЪУЭ Анзор**,
*ислъам щIэныгъэхэмкIэ кандидат.*

# Губзыгъэхэм жаIэ

Уи анэм и псэр бгъэгуфIэу пщыхьэщхьэшхэ дэпщIыныр си щхьэкIэ нэхъ псапэу къысфIощI, суннэщ жыпIэу, хьэжым тебгъэзэн нэхърэ.

***Алыхьыр арэзы зыхуэхъун Iэл-Бэсрий Хьэсэн.***

- Дэ ди щхьэм бзу тесым хуэдэу, дысакъыурэт дин IуэхукIэ дызэрыдауэр, ди ныбжьэгъур щыуэнкIэ дыгузавэу. Фэ фи ныбжьэгъур щыуэмэ нэхъ къафщтэм ещхьу, фодауэ.

***Iимам Iэбу Хьэнифэ.***

# Мазаем и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

| Махуэхэр | Пщэд-джыжьыр | Дыгъэр къыщы-щIэкIыр | Шэджа-гъуэр | Ичын-дыр | Ахъшэ-мыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, бэрэжьей | 05.52 | 07.22 | 12.30 | 15.03 | 17.20 | 19.00 |
| 2, махуэку | 05.50 | 07.20 | 12.30 | 15.04 | 17.22 | 19.02 |
| 3, мэрем | 05.49 | 07.19 | 12.30 | 15.05 | 17.23 | 19.03 |
| 4, щэбэт | 05.48 | 07.18 | 12.30 | 15.06 | 17.24 | 19.04 |
| 5, тхьэмахуэ | 05.47 | 07.17 | 12.30 | 15.07 | 17.25 | 19.05 |
| 6, блыщхьэ | 05.46 | 07.16 | 12.30 | 15.08 | 17.26 | 19.06 |
| 7, гъубж | 05.46 | 07.16 | 12.30 | 15.09 | 17.28 | 19.08 |
| 8, бэрэжьей | 05.44 | 07.14 | 12.30 | 15.11 | 17.29 | 19.09 |
| 9, махуэку | 05.42 | 07.12 | 12.30 | 15.12 | 17.30 | 19.10 |
| 10, мэрем | 05.41 | 07.11 | 12.30 | 15.13 | 17.32 | 19.12 |
| 11, щэбэт | 05.40 | 07.10 | 12.30 | 15.14 | 17.34 | 19.14 |
| 12, тхьэмахуэ | 05.38 | 07.08 | 12.30 | 15.15 | 17.36 | 19.16 |
| 13, блыщхьэ | 05.37 | 07.07 | 12.30 | 15.15 | 17.37 | 19.17 |
| 14, гъубж | 05.36 | 07.06 | 12.30 | 15.17 | 17.38 | 19.18 |
| 15, бэрэжьей | 05.34 | 07.04 | 12.30 | 15.18 | 17.39 | 19.19 |
| 16, махуэку | 05.33 | 07.03 | 12.30 | 15.19 | 17.40 | 19.20 |
| 17, мэрем | 05.31 | 07.01 | 12.30 | 15.20 | 17.42 | 19.22 |
| 18, щэбэт | 05.30 | 07.00 | 12.30 | 15.21 | 17.43 | 19.23 |
| 19, тхьэмахуэ | 05.28 | 06.58 | 12.30 | 15.22 | 17.45 | 19.25 |
| 20, блыщхьэ | 05.26 | 06.56 | 12.30 | 15.23 | 17.46 | 19.26 |
| 21, гъубж | 05.25 | 06.55 | 12.30 | 15.24 | 17.47 | 19.27 |
| 22, бэрэжьей | 05.23 | 06.53 | 12.30 | 15.25 | 17.48 | 19.28 |
| 23, махуэку | 05.22 | 06.52 | 12.29 | 15.26 | 17.50 | 19.30 |
| 24, мэрем | 05.20 | 06.50 | 12.29 | 15.27 | 17.51 | 19.31 |
| 25, щэбэт | 05.18 | 06.48 | 12.29 | 15.28 | 17.52 | 19.32 |
| 26, тхьэмахуэ | 05.17 | 06.47 | 12.29 | 15.29 | 17.54 | 19.34 |
| 27, блыщхьэ | 05.15 | 06.45 | 12.29 | 15.30 | 17.55 | 19.35 |
| 28, гъубж | 05.14 | 06.44 | 12.29 | 15.31 | 17.56 | 19.36 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.*

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр





# «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ»

**Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ сурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм щагъэлъагъуэ бгъэIэпхъуэ хъу «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ» выставкэр.**

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ къызэщIеубыдэ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Москва къалэм щыщ художникхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа сурэтхэмрэ графикэ лэжьыгъэхэмрэ, декоративно-прикладной гъуазджэм и IэпщIэлъапщIэхэм я IэрыкIхэр.

Выставкэр къызэрагъэпэщащ «Совет по карачево-балкарской культуре и просвещению» жылагъуэ зэгухьэныгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я сурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэхэм, КъБР-мрэ КъШР-мрэ щэнхабзэмкIэ я министерствэхэр я дэIэпыкъуэгъуу.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и унафэщIым и къуэдзэ Карчаевэ Iэминат выставкэр къыщызэIуихым абы зыкърезыгъэхьэлIахэм мы зэхыхьэмкIэ ехъуэхъуа нэужь, жиIащ сурэтыщI псоми я лэжьыгъэхэм къыщагъэлъагъуэ нарт IуэрыIуатэр зэрыхъугъуэфIыгъуэр, Кавказым ис лъэпкъ дэтхэнэми я эпосыр щэнхабзэ фэеплъ зэрыхъуар.

- Лэжьыгъэхэм ящыщ куэд выставкэм япэу утыку къыщрахьащ, абы ирихьэлIэу ягъэхьэзырри. Дэтхэнэ зы щIэблэри тхыдэм, нартхэм я дунейм хэлъа дахагъэм фIыуэ щыгъуазэу къекIуэкIын хуейщ, - жиIащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ.

«Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэ» арт-проектым лъабжьэ хуэхъуащ Кавказым ис лъэпкъхэм я IуэрыIуатэр. Илъэс мин бжыгъэ и ныбжьу зыхуагъэфащэ нарт эпосыр ЮНЕСКО-м къилъытащ дунейпсо щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэу.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъахэм жаIащ лъэпкъ тхыдэр, хабзэхэр къыщыгъэлъэгъуэжа выставкэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, абы иджыри къыпащэну зэрамурадыр.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Фщlэн папщlэ

# Джэдыл шынагъуэншэ

**ЩIышылэм и 1-м щыщIэдзауэ ЭкономикэмкIэ Евразие Зэгухьэныгъэм (ЕАЭС) - м къызэщIиубыдэ къэралхэм къару щигъуэтащ «Джэдылымрэ абы къыхэщIыкIа шхыныгъуэхэмрэ цIыхухэм я узыншагъэм емыгуэуэн папщIэ ягъэбелджыла Iуэхугъуэхэр» щызэкIэлъыхьа дэфтэр.**

МАРДЭХЭМ къыщыгъэлъэгъуащ джэдым ирагъэшх Iусыпхъэхэр (цIыхум и узыншагъэм егуэуэнкIэ хъуну пкъыгъуэ зэранхэр хэлъrэ хэмылъrэ) джэдым и укIыкIэр, джэдылым и хъумэкIэр, и къешэкIыкIэр, и щэкIэр, джэдыл зэIыхьахэм я гъэкIуэдыкIэр. Мы Iуэхур къыхэзылъхьар Урысей Федерацэм Мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министерствэрщ.

Джэдылым и щытыкIэр къэзыгъэлъэгъуэнур ветеринар - санитар къэпщытэныгъэрщ. Псом хуэмыдэу абы хеубыдэ сабийхэм папщIэ джэдылым къыхащIыкI шхыныгъуэхэр.

МардэщIэхэм япкъ иту дяпэкIэ къапщытэнущ:

- джэдылыр куэдрэ щылъын щхьэкIэ псым къыщыщIэдзауэ къагъэсэбэп пкъыгъуэхэр (фосфатхэр);
- ерыскъы гъэщта къэгъэвыжам иIыгъ псыIагъыр процентi 4-м фIемыгъэшыныр;
- джэдылым къыхащIыкI сабий шхыныгъуэхэм халъхьэ консервант, ерыскъыр зэрагъэIэфI, ГМО пкъыгъуэхэр, пестицидхэр;
- къекуэдэкIыу халъхьэ белокыр, дагъэр, ират къэуатыр зыхуэдизыр къапщытэнурэ, хэлъын хуейр мардэщIэхэм тету ягъэтэмэмынущ.

***Къэбэрдей-Балъкъэр ФГБУ-м и «Кавказ Ищхъэрэ МВЛ».***

**2023 гъэм фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу «ветеринарием» ехьэлIауэ нобэм къэс зекIуа хабзэм зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэр игъуэтынущ. Абы ипкъ иту, предприятэ ин е унагъуэ Iэщ ирехъуи, бжыгъэр къэзыгъэлъагъуэ дамыгъэ Iэщ къэс трагъэуэнущ. Iуэхур щаублэнур 2024 гъэм и гъатхэпэ мазэм ирихьэлIэущ. А пIалъэр къэсыху УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм игъэбелджылынущ «маркировкэм» хиубыдэну Iэщхэр зыхуэдэнур.**

# Iэщышхуэм къыщыщIэдзауэ бжьэм щыщIэкIыжу

«ИГЪЭБЕЛДЖЫЛЫНУЩ» жытIэ щхьэкIэ, проектыр ягъэхьэзыракIэщ, адэкIэ къащтэн хуейуэ аращи, абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, дамыгъэ зытрагъэуэну Iэщхэм хеубыдэ Iэщышхуэхэр, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ, кхъуэхэр, тхьэкIумэкIыхьхэр, джэдкъазхэр, уеблэмэ бжьэ нэгъунэ. Апхуэдэу бжыгъэр ятетын хуейщ псэущхьэхэр щаIыгъ щIыпIэхэм иратахэм, нэгузыужь гъэлъэгъуэныгъэхэм къыщагъэсэбэп махъшэхэм, шыхэм, н. къ. Iэщышхуэхэм бжыгъэ дамыгъэхэр зырызу, Iэщ цIыкIухэм, бжьэхэри яхэту, гуп зэрыIыгъыу трагъэуэнущ.

Бжыгъэр гъэбелджылыныр Iэщыр зейхэмкIэ пщIэншэу екIуэкIынущ, ауэ бжыгъэ дамыгъэхэр, езыхэр зыхуейм хуэдэу, къащэхуфынущ: пластмасс кIэрыгъауэхэр, фэм и щIагъым щIрагъэубыдэ микрочипхэр, Iэпщэхъу, лъэхъу.

Дамыгъэр зезыхьэ Iэщхэм теухуа псори «Россельхознадзор» IуэхущIапIэм и ветеринар къудамэм и «ВетИС» хъыбарегъащIэ IэнатIэм щыгъэбелджылауэ щытынущ; трагъэуэну дамыгъэр бжыгъэрэ хьэрфу зэхэтынущ. Ар зейм (Iэщ е гуп къэс) къадекIуэкIынущ псэуху икIи нэгъуэщIкIэ зэрахъуэкIынукъым. Iэщ къэс хуагъэхьэзыр дэфтэрым къыщагъэлъэгъуэнущ ар гупкIэ зыхиубыдэр, и ныбжьыр, и лъэпкъыр, и маркировкэм и лIэужьыгъуэр, ар здэщыIэ щIыпIэр, уеблэмэ ар зейм теухуауэ ящIэн хуей псори.

НэгъуэщI щIыпIэ къраша Iэщхэм, а псом къиIщынэмыщIауэ, щIыпIэм къыщраша зэманри къыщагъэлъэгъуэнущ.

Къыхалъхьа Iуэхур хуэунэтIащ мэкъумэш хозяйствэхэм яIэ Iэщ щхьэбжыгъэр зыхуэдизымрэ лым къыхащIыкI ерыскъыхэкIхэм я шынагъуэншагъэмрэ наIуэ къэщIыным. Абы и фIыгъэкIэ сыт хуэдэ Iэщми кIэлъыплъыфынущ, ар дунейм къыщытехьам щыщIэдзауэ, зэрагъэшха щIыкIэмкIэ, пкърыта узхэмрэ ирахьэлIа хущхъуэгъуэхэмкIэ иухыжу. Абы мыхьэнэшхуэ иIэнущ лыхэкI ерыскъыгъуэхэм я фIагъымрэ я къабзагъымрэ егъэфIэкIуэным имызакъуэу, Урысейм къыщыщIагъэкI ерыскъыхэкIхэм къэрал, къэралщIыб утыкухэм увыпIэ лъагэ щигъуэтынымкIэ. ХабзэщIэм химыубыдэу къэнэнущ унагъуэ хьэхэр, джэдухэр, н. къ. Абыхэм папщIэ нэгъуэщI хабзэ къащтэну я мурадщ.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

# Тут Беллэ:

# Уи гупсысэ, уи дуней пхъумэжыныр лIыгъэщ

***Щыгъыным лэчкIэ сурэт тезыщIыхьыу Къэбэрдей-Балъкъэрым ис зыбжанэм ящыщщ Тут Беллэ.***

***Абы Инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым кърилъхьэ лэжьыгъэхэм гупсысэ пыухыкIа, щIагъыбзэ гъэщIэгъуэн ящIэлъщ. Адыгэ тхыпхъэхэр, цIыхухъу, цIыхубз фащэм и пкъыгъуэхэр, лъэпкъ дамыгъэхэр, псалъэжьхэмрэ жыIэгъуэ дахэхэмрэ зытет джанэхэр куэдым ягу зэрырихьыр кIэщIатхэ псалъэ гуапэхэм наIуэ ящI. Пэжу, узэхъуэпсэн хуэдэщ. Хэт зыфIэмыфIыр зыми ямыIэ щыгъын дахэ зэрихьэну?!***

***Сурэт гъэщIэгъуэнхэр зи IэдакъэщIэкI хъыджэбзыр хэкупсэхэм зэращыщыр зэ еплъыгъуэкIэ гурыIуэгъуэщ. Ауэ нэхъ гъэщIэгъуэнщ Май щIыналъэм къыщыхъуа пщащэм и адыгэгу къабзэр, лъэпкъым ехьэлIауэ абы ищI сурэтхэм щIилъхьэ гупсысэр, абы иджырей дунейр зэрилъагъур. Ахэр тфIэгъэщIэгъуэну Тут Беллэ ди хьэщIэщым къедгъэблагъэри, упщIэ зыбжанэ еттащ. И IэщIагъэм къежьапIэ хуэхъуаращ япэу дызыщIэупщIар.***





- Сызэрысабийрэ сурэт щIыным сыдихьэхырти, школ нэужьым КъБКъУ-м ДизайнымкIэ колледжым сыщIэтIысхьащ. НапIэдэхьеигъуэм хуэдэу блэкIащ илъэсхэр. Сэ сфIэгъэщIэгъуэн IэщIагъэм хэзыщIыкI егъэджакIуэхэм защызмыгъэнщIурэ къэдухащ еджапIэр. ИужькIэ къызгурыIуэжащ абы сыщыщIэтIысхьам сурэт щIыным хэсщIыкI зэрыщымыIар. Ауэ сыхуагъэсащ, сагъэлъэгъуащ. ХьэфэтегъэкIрэ линейкэрэ къэдгъэсэбэпу ядэртэкъым. Зы екъуа лейуэ тщIымэ, сурэтыр щIэрыщIэу къыщIэддзэжыурэ тщIыжын хуейти, дэтхэнэми дыхуэсакъыпэу дыкIэрыст.

Щыгъыным лэчкIэ сурэт тещIыхьын зэрыщIэздзэрэ илъэсым щIигъуауэ аращ. Къапщтэмэ, зэфIэкI ин къэзгъэлъэгъуэну апхуэдэ зэман сиIакъым, ауэ псори дяпэкIэщ. ЯпэщIыкIэ, пщэфIапIэм къыщагъэсэбэп пхъэ теIущIыкIыпIэ цIыкIухэм сурэт тещIыхьын щIэздзащ. ИтIанэ щыгъынхэм сыдахьэхащ. Лэч щащэ тыкуэным сыщIэту, щыгъынхэм я лэч зэрымыщIэкIэ си нэм къыфIэнэри, схуэщIIамэ сеплъыну къэсщтащ. Мис абдеж къыщежьащ иджы IэщIагъэ схуэхъуар. ЯпэщIыкIэ си цIыхугъэхэм я щыгъынхэм сурэт яхутесщIыхьащ, ар зылъэгъуа гуэрхэр абы ехъуапсэри къызэлъэIуащ. Мис апхуэдэурэ ежьащ си Iуэхур. Ауэ мыбы сэ хэзмыщIыкIыу зыгуэр къыхэкIащи, адрейхэр хуэсакъыну чэнджэщ естынут. Хъыджэбз цIыкIу гуэрым и джанэм хутесщIыхьа сурэтыр Интернетым къислъхьа иужь зыгуэр къысхуотхэ и IэрыкI сурэтыр къэздыгъуауэ жиIэу сигъэкъуаншэу (сурэтыр джанэр зеим Интернетым кърихри къысхуигъэхьауэ арат). КъызэрыщIэкIамкIэ, къатхэр сурэтыщIт, жиIэри пэжт. Дауи, Iуэхум си къуаншагъэ зэрыхэлъыр, ауэ ар зэрымыщIэкIэ къызэрыхъуар жесIэри, дызэгурыIуэжащ. Шэч хэмылъу, сэ дяпэкIэ сыхуэсакъынущ апхуэдэ къызэрызмыгъэхъунум.







**- Сыт щыгъыным тетыну нэхъ уагъэщIыр?**

- Лъэпкъ дамыгъэ, лIыхъужь, жыIэгъуэ хуэдэхэрщ. КъызэрымыкIуэу согузавэ икIи сыпоплъэ цIыхум хуэсщIа сурэтыр къызэрыщыхъунум. Си гуапэ дыдэ мэхъу а фэилъхьэгъуэхэр ящыгъыу щыслъагъукIэ.

**- ЩэкI блэну тынш?**

- ЩэкIыр къызыхэщIыкIам елъытащ. ЩэкI зэхэшым лэчыр фIыуэ къиштэркъыми, нэхъыбэрэ хэбгъэхьэн хуейщ. Псом нэхърэ нэхъ гугъур фэм сурэт тепщIыхьынращ. Фэм и щIыIур ухуэсакъыпэурэ плъэщIу, Iэлъэ пIэрыгъыу улэжьэн хуейщ, армыхъумэ, IэпапIэ цIыкIу къытенэмэ, фэмрэ лэчымрэ зэкIэрымызагъэу бэлыхь птрагъэлъынущ.

**- ЛэчкIэ ла щыгъыныр дапхуэдэу зэрызепхьэнур?**

- Дауи, мыдрей щыгъынхэм нэхърэ нэхъ ухуэсакъын хуейщ. Псы пщтыркIэ бжьыщI, лэчым уеныкъуэкъу хъунукъым. Куэдым къащохъу апхуэдэ щыгъынхэр илъэс-илъэситI фIэкIа земыкIуэну. Хьэуэ, ухуэсакъмэ, куэд дыдэрэ лэчым зыри къыщымыщIу, и фэр мыкIуэду уиIэнущ.

**- Зы джанэм сурэт тепщIыхьыным дапхуэдиз зэман текIуадэрэ?**

- НэгъуэщI Iуэху симыIэмэ, махуитIкIэ схуэухынущ. Ауэ лэчыр иджыри махуэ зыбжанэкIэ гъэгъущыжын хуейщ.

**- НэгъуэщI лэжьыгъэ уиIэ?**

- Александровскэ хьэблэм дэт курыт еджапIэ №11-м и блыным гъэмахуэ кIуам сурэт яхутесщIыхьа иужь, сурэтыщI гъуазджэмкIэ гупжьей а школым щезгъэкIуэкIыну къысхуагъэлъэгъуати, арэзы сыхъуащ.

Нэхъапэм сабийхэм уадэлэжьэну гугъуу къысщыхъурт, ауэ зэкIэ къызэхьэлъэкIыркъым, уеблэмэ сабийхэм къару гуэр къысхалъхьэу зыхызощIэ. Абыхэм яхэтщ сурэт щIыным хуэIэзэхэри пэжыжьи, ауэ дэтхэнэми и гупсысэ къигъэлъэгъуэну хущIокъури, ар зэпыбудынкIэ Iэмал иIэкъым.

**- Уи IэрыкIхэм ди деж щIэупщIэ щаIэ?**

- ЩIэупщIэ иIэщ, къэзыщэхур мащIэщ армыхъумэ. Бэзэрым щыIэ джанэм и уасэмрэ сэ махуэ бжыгъэкIэ сызэлэжьамрэ зэрызэхуэмыдэр, щIызэхуэмыдэр къызыгурымыIуэр куэдщ. Си лэжьыгъэхэм я нэхъыбэр нэгъуэщI щIыналъэхэм щыщщ къэзыщэхур.

**- Сыт хуэдэ сурэтхэр пщIыну нэхъ пфIэфI?**

- Сурэт щIыным сэркIэ хэдэиIэкъым, ауэ лъэпкъым ехьэлIа сурэтхэр нэхъ къызэхъулIэу къысщохъу. Си гуапэщ щIалэгъуалэм ахэр зэрафIэфIыр. Сэ си къалэныр цIыхур зыхэт гупым къахэзыгъэщ фэилъхьэгъуэ яхуэсщIынырщ.

**- Уи IэдакъэщIэкI лэжьыгъэхэм уэ ппэгъунэгъу яхэт?**

- Адыгэ фащэкIэ хуэпа хъыджэбзым и жьэр зэтегъэпщIауэ, Iэ куэдыкIей абы и дежкIэ къэIэбэу сиIэщ. Ар куэдым къагурыIуэркъым, ауэ ар сэ нэхъ спэгъунэгъуу схужыIэнущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, си щхьэкIэ апхуэдэ щытыкIэ ситащ. Си хъуреягъыр си гъащIэм къыхэIэбэрэ, сэ жысIэр зыми зэхахыну хуэмейуэ. Уи гупсысэ, уи дуней пхъумэжыфу дунейм утетыныр лIыгъэу къысщохъу, ауэ абы къаруэ текIуадэр зыщIэр пэщIэтарщ.

*Епсэлъар*
**ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

# Лъэхъэнэм къигъэщIахэм ящыщт

● Жылагъуэ

**Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тедзапIэм жылагъуэр зыщыгуфIыкIын, апхуэдэ дыдэуи, етхьэкI гъащIэм хэтлъхьэ гуащIэм, абы и мыхьэнэм, ар лъэпкъым и зыужьыныгъэм зэрытелажьэм дезыгъэгупсысын тхылъ иджыблагъэ къыщыдэкIащ.**

ЛЪЭХЪЭНЭ къэс езым и нэщэнэрэ дамыгъэрэ иIэжщ. Совет къэралыгъуэр лъэлъэжу, щхьэж и унэ бжэн лъакъуэщ, жыхуаIэм хуэдэу лъэпкъышхуэхэр щызэбгрыкIыжым, жылагъуэ мащIэхэр лъэныкъуэ IэджэкIэ егъэзыпIэншэ щыхъугъат. Сыт щыгъуи хуэдэу, мис а далэм, лъэпкъыбэр гъуэгущхьиблым къыщытехута лъэхъэнэхэм, адыгэхэми акъылрэ Iущыгъэрэ зыбгъэдэлъ лIыфIхэр мымащIэу къахэкIыгъат, ахэр зылI и быну зэкъуэувэну, гугъапIэрэ хъуэпсапIэрэ зэрыщыIэр зыщамыгъэгъупщэну, лъэпкъыщхьэмрэ цIыхугъэмрэ яхъумэну къыхураджэу. Абыхэм языхэзщ тхылъыщIэр зытеухуа Къалмыкъ Жылэбии.



Илъэсым щIигъуащ егъэджакIуэ, щIэныгъэлI, жылагъуэ лэжьакIуэ Къалмыкъ Жылэбий къызэрытхэмытыжрэ. Зи гъащIэ псор щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьыным, щIалэгъуалэм я тхыдэ щIэжым зегъэIэтыным, щIэныгъэ зэхэщIыкIрэ зэгъэзахуэрэ зиIэ щIэблэ гъэсэным езыта Къалмыкъ Жылэбий лъэужь дахэ къигъэнащ, и фэеплъыр зымыгъэкIуэдыжын гупсысэ щIэини къызэринэкIащ. «Лъэхъэнэм и зэхъуэкIыныгъэхэм къадэхъуа» («Востребованный временем перемен») зи фIэщыгъэ тхылъри зытеухуар аращ – щIэныгъэлIым и щIэиныр уахътыншэ щIынырщ, и лэжьыгъэфIхэм иджыри зэ хэплъэжынырщ, теухуа гукъэкIыжхэмкIэ иджыри зэ и цIэр къиIуэнырщ. ТхылъыщIэр Къалмыкъым и гъащIэмрэ и щIэныгъэ дунеймрэ я закъуэу къыщIэкIынкъым зэхьэлIар. Абы Iэмалыншэу цIыхум и уасэр зыхыуигъащIэу, псэу щIыкIэ хуэщIын хуей гулъытэм и мыхьэнэр зыхыуигъэщIыкIыу щытщ.

Къалмыкъ Жылэбий и гъащIэм щыщу щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ илъэс 40 иритащ. Кавказ щIыналъэм, адыгэ лъахэм я тхыдэр къэзыхута щIэныгъэлэжьхэм я IэдакъэщIэкIхэр щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ зэпкърыплъыхьыныр, ахэр къыкъуэкIыж архив тхыгъэщIэхэм я шыбзэм щIэгъэкIауэ, лъэхъэнэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIа Iуэху еплъыкIэхэм, тхыдэ щIэныгъэм ирата зыужьыныгъэр зыхуэдэр къэхутэныр унэтIыныгъэ щхьэхуэу хишауэ жыпIэ хъунущ Къалмыкъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэрыхутэ щIэныгъэм (историографием) и Iэмалхэм методикэ лъабжьэ яритащ, къэхутэкIэ гъуэгухэр иубзыхуащ. Къалмыкъым къаруушхуэ ирихьэлIащ щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуаку илъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэным, граждан жылагъуэ нэсым и лъабжьэхэр гъэтIылъыным, жылагъуэмрэ къулыкъущIапIэхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэм зегъэубгъуным. Сыт хуэдэ жэрдэм имыщIами, Къалмыкъым зэи зыщигъэгъупщакъым къызыхэкIа лъэпкъым ифI зыхэлъ Iуэхухэр – адыгэхэр хьэкъыншэ хъу хъунукъым, жиIэрейт Къалмыкъым.

Котляров зэщхьэгъусэхэм къыдагъэкIа тхылъыр нэгъэсауэ фэеплъ зэужьщ. Абы ихуащ гуапагъэ хуабагъкIэ гъэнщIа Къалмыкъ Жылэбий и лэжьэгъуу щытахэм, и ныбжьэгъуу къыдэгъуэгурыкIуахэм, и Iыхьлыхэм я гукъэкIыжхэр, ибгъуэтэнущ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм ярита интервьюхэмрэ къэпсэлъэныгъэхэмрэ, ущыхуэзэнущ зи мыхьэнэр иджыри куэд дыдэрэ имыкIыну и щIэныгъэ лэжьыгъэхэр. Тхылъыр гъэщIэгъуэн ещI, и пщIэри къеIэт щIэныгъэлIым и къэхутэныгъэ зэужьу абы ихуами, сурэт зэрыIыгъыу абы ирагъэувахэми.

Шэч хэлъкъым, тхылъыщIэр зыIэрыхьэнухэм гунэс ящыхъунущ, езыр зэгуэр зи ужь ита лэжьыгъэм хуэдэу, и гъащIэ гъуэгумрэ и щIэныгъэ еплъыкIэхэмрэ ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къаулъэпхъэщуи хуежьэнущ.

**ШУРДЫМ Динэ.**

# ЩIыпIэхэр зыхуей хуагъазэ

**«Къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэIузэпэщ щIын» лъэпкъ Iуэхум хыхьэу, 2023 гъэм зыхуей хуагъэзэнущ Къулъкъужын Ищхъэрэ, Зеикъуэ, Бахъсэнёнкэ къуажэхэм я щIыпIэ щхьэхуэхэр.**

УХУЭНЫГЪЭ лэжьыгъэхэр Къулъкъужын Ищхъэрэм щекIуэкIынущ Къып Мухьэмэд и цIэр зезыхьэ ГъуазджэхэмкIэ сабий школым и гъунэгъуу. Зеикъуэ, Бахъсэнёнкэ жылэхэм зыхуей щыхуагъэзэнур щэнхабзэмкIэ я унэхэм я Iэхэлъахэрщ.

Ухуэныгъэхэм я теплъэр зэращIынур Бахъсэн районым щыпсэухэм интернеткIэ нэгъабэ ирагъэкIуэкIа IэIэтым нэхъыфIу къыщалъыта проектхэмкIэщ. Къыхэбгъэщмэ, а щIыпIэхэм сабий джэгупIэхэр, тIысыпIэхэр, пхъэнкIий идзыпIэ дахэхэр иIэнущ, ар къэхухьарэ нэхуу щытынущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2018 гъэм къыщыщIэдзауэ Бахъсэн районым пщIантIэу 16, жылагъуэ щIыпIэу 11 (метр зэбгъузэнатIэу мин 70 мэхъу) зыхуей щыхуагъэзащ.

**ЧЫЛАР Аринэ,**
*Бахъсэн район администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.*

# И зэфIэкIым щефIэкIыжу

● Спорт

**ЩIышылэм и 27 - 30-м Налшык щекIуэкIащ тхэквондомкIэ «Кавказым и сабийхэр» урысейпсо зэхьэзэхуэу «ВТФ» нагъыщэмкIэ хагъэунэхукIар. Абы хэтащ къэралым и спортсмен ныбжьыщIэу 300-м нэблагъэ.**



КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и гупым хэтащ «Пять колец» спорт академием и гъэсэн ныбжьыщIэ Хьэщыкъуей Руслан. Килограмм 32-рэ зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм адыгэ щIалэщIэм ещанэ увыпIэр къыщихьащ.

Къыхэдгъэщынщи, финалым и Iыхьэ ныкъуэм икIын папщIэ, Руслан къыпэщIэтар ингуш спортсмен Нальгиев Магомедщ. Мы зэпеуэм и пэ къихуэу екIуэкIа иужьрей зэхьэзэхуитIми ар ди щIалэм къытекIуат. Ди хьэщIэ спортсменым и гугъат мы иджырей зэIущIэри тыншу къихьэхуну, ауэ Руслан и хьэрхуэрэгъум, къытекIуэн хуэдэу, зы Iэмал закъуи иритакъым. Уеблэмэ, зэхэуэр зэриухамкIэ мыарэзыуэ ингуш щIалэр зыгъэсам псалъэмакъ къиIэтати, абыи зэхэщIыкIыгъуэу Iуэхур зытетыр къыгурагъэIуэжащ.

Зэхьэзэхуэм Руслан хуэзыгъэхьэзырар зыгъэса и тренерхэу Унэжокъуэхэ Къантемыррэ Абделджабаррэщ.

ЩIышылэм и 31-м Руслан щызэуэнущ «Ростов и Кубокыр» къэхьыным теухуа зэпеуэшхуэу Дон Iус Ростов щекIуэкIынум. Дыщыгугъынщ Хьэщыкъуей Руслан и зэфIэкIыр нэсу абдежми къыщигъэлъэгъуэну, медаль иIыгъыу къигъэзэжыну.

**БЭРАУ Бышэ.**


Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.



ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.616
Заказыр №160
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
*жэуап зыхь секретарь* Къаншокъуэ Эллэ, корректорхэу Нэужьокъуэ Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*, Елмэс ФатIимэ *(1, 4-нэ нап.)*.
*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
*Сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.